Tout timoun ki gen laj 6 mwa jiska laj 5 ane ki enskri nan gadri **dwe** resevwa vaksen kont grip anvan 31 desanm.

Vaksen kont grip la nan avantaj tout moun ki nan fanmi an:

- Pitit ou ap pwoteje kont maladi grav grip la lakòz.
- W ap gen mwens chans pou rate travay paske pitit ou malad akòz grip la.
- Lè ou vaksinen pitit ou sa ap ede anpeche grip la simaye lakay ou ak nan kominote a epitou sa ap pwoteje gwoup moun ki frajil yo, tankou granmoun aje yo.

Pran yon randevou avèk pwofesyonèl sante pitit ou oswa rele 311 pou jwenn yon kote pou pran vaksen an. Ale sou sitwèb **nyc.gov/flu** pou jwenn plis enfòmasyon.

Depatman Sante Vil New York rekòmande pou tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis pou yo pran vaksen kont grip chak ane.

NYC Health

HC_Daycare Flu poster-4.indd 1 6/16/2014 5:09:21 PM